

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu skripsi judulna *Dongéng-Dongéng di Kecamatan Conggeang Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP*. Aya sababaraha hal nu dipedar dina ieu panalungtikan, diantarana nya éta 1) déskripsi dongéng di Kecamatan Conggéang, Kabupatén Sumedang 2) unsur struktural dina dongéng di Kecamatan Conggéang, Kabupatén Sumedang 3) dongéng nu cocog pikeun bahan pangajaran maca di SMP. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif.

Dongéng nu kakumpul nya éta aya dalapan belas dongéng, di antarana nya éta “Sasakala Gunung Tampomas”, “Sasakala Désa Narimbang”, “Kéncéh Konéng jeung Gulakan Tutul”, “Asal-usul Sato Soang, Éntog, Meri”, “Sasakala Pasir Ceuli”, “Si Anggai-anggai”, “CaduGeulis”, “Sasakala Pasir Jurig”, “Sasakala Oray Sanca teu Peurahan”, “Jalma Sabar”, “Sasakala Lembur Siréyod”, “Sasakala Puncak Manik”, “Sasakala Sirah Cipelang”, “Si Sawéri”, “Lembur Pipasantréneun”, “Sasakala Babakan Asem”, “Sasakala Ungkal”, “Sasakala Ciaseum”.

Unsur struktural nu aya dina dongéng di Kecamatan Conggeang, Kabupatén Sumedang ngawengku téma, galur, latar, tokoh, jeung amanat. **Téma:** tina dalapan belas dongéng nu ditalungtik, sakabéhna miboga téma nu béda-béda. Téma nu aya diantarana, téma dina dongéng “Sasakala Gunung Tampomas” nya éta asal-usul tempat anu dilantarankeun kajadian alam anu teu bisa diprédiksikumanusa, téma dina dongéng “Sasakala Désa Narimbang” nya éta asal muasal hiji tempat nu asalna tina ngaran ratu nu pernah ngawasa di éta wewengkon, téma dina dongéng “Kéncéh Konéng jeung Gulakan Tutul” nya éta sikep pilih kasih kanu jadi budak, ku cara ngabéda-bédakeun kanyaahna, sakuduna mah kolot ka budak ulah kitu, téma dina dongéng “Asal-usul Sato Soang, Éntog, Meri” nya éta ngeunaan asal-usul sato Soang, Éntog, jeung Meri, téma dina dongéng “Sasakala Pasir Ceuli” nya éta ngeunaan hiji kabohongan nu lila disumputkeun ahirna kapanggih, jeung asal muasal ngaran Pasir Ceuli, téma

dina dongéng “Si Anggai-anggai”nya éta nyaritakeun sipat kedul bisa robah jadi daékan ku sabab ngagugu ka nu dipikacinta, téma dina dongéng “Cadu Geulis” nya éta kageulisan hii wanoja nu ahirna nyilakakeun manéhna sorangan, téma dina dongéng “Sasakala Pasir Jurig” nya éta nya éta asal muasal ngaran Pasir Jurig, téma dina dongéng “Sasakala Oray Sanca teu Peurahan” nya éta asal muasal oray sanca teu peurahan, téma dina dongéng “Jalma Sabar” nya éta kasabaran hiji jalma nu teu wéléh meunang cocoba, téma dina dongéng “Sasakala Lembur Siréyod” nya éta asal muasal ngaran Si Réyod nu dilantarankeun ku peperangan jaman baheula alatan pasualan kaagamaan, téma dina dongéng “Sasakala Puncak Manik” nya éta asal muasal ngaran Puncak Manik, téma dina dongéng “Sasakala Sirah Cipelang” nya éta asal muasal ngaran Sirah Cipelang nu asalna tina katelengasan hiji jalma nu nyilakakeun maruna, téma dina dongéng “Si Sawéri” nya éta ngeunaan katalédoran hiji indung, téma dina dongéng “Lembur Pipasantréneun” nya éta ngeunaan hiji kaalusan salawasna bakal meunang, téma dina dongéng “Sasakala Babakan Asem” nya éta asal-usul hiji patempatan nu asalna tina hiji kulawarga nu ngamimitian ngababakan di éta lembur, téma dina dongéng “Sasakala Ungkal”nya éta asalmuasal ngaran Ungkal nu asalna tina tokoh di wewengkon Ungkal nu kasohor luhung élmunana, téma dina dongéng “Sasakala Ciaseum” nya éta asal muasal ngaran lembur Ciaseum nu asalna tina lalakon hiji awéwé nu ngalakukeun lalampahan ka hiji tempat. **Galur:** galur anu digunakeun nya éta galur mérélé. Dongéng anungagunakeun galur mérélé nya éta , “Sasakala Gunung Tampomas”, “Sasakala Désa Narimbang”, “Kéncéh Konéng jeung Gulakan Tutul”, “Asal-usul Sato Soang, Éntog, Meri”, “Sasakala Pasir Ceuli”, “SiAnggai-anggai”, “Cadu Geulis”, “Sasakala Pasir Jurig”, “Sasakala Oray Sanca teu Peurahan”, “Jalma Sabar”, “Sasakala Lembur Siréyod”, “Sasakala Puncak Manik”, “Sasakala Sirah Cipelang”, “Si Sawéri”, “Lembur Pipasantréneun”, “Sasakala Babakan Asem”, “Sasakala Ungkal”, “Sasakala Ciaseum”.**Latar:** sanggeus dianalisis, dina unggal dongéng aya tilu latar, nu ngawengku latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. **Palaku:** dina dongéng nu geus kakumpul katitén aya 57 palaku, éta nu 57 palaku téh nu kasebut dina dongéng. Watek palaku katitén tina paripolah sarta sikep dina unggal dongéng. **Amanat:** Amanat anu nyangkaruk dina dongéng “Sasakala Gunung

Nurlaela Damayanti, 2018

DONGÉNG-DONGÉNG DI KECAMATAN CONGGEANG
KABUPATÉN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA
DI SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tampomas”nya éta dina nyieun hiji kaputusan kudu sing asak jeujeuhan, sabab naonnaon nu geus dilakonan tangtu bakal aya balukarna. Amanat anu nyangkaruk dina dongéng “Kéncéh konéng jeung Gulakan tutul” nya éta ulah sok ngabédabédakeun jalma. Unggal jalma miboga kahéngkérana katut kalonjoyanana. Amanat anu nyangkaruk dina dongéng “Asal-usul Sato Soang, Éntog, Meri” nya éta salaku pamuda kudu gedé wawanén, salila milampah dina kahadéan ulah hariwang ulah ringrang, anapon hasilna mah serahkeun kanu maha kawasa. Amanat nu katitén dina dongéng “Sasakala Pasir Ceuli”nya éta sabuni-bunina nyumputkeun kagoréngan, pasti hiji mangsa bakal kanyahoan. Amanat anu nyangkaruk dina dongéng “Si Anggai-anggai” nya éta cukup ku hal-hal leutik urang bisa ngarobah sikep hiji jalma, asal boga kayakinan yén dina diri manusa pasti miboga poténsi kahadéanna. Amanat anu nyangkaruk dina dongéng “Cadu Geulis” nya éta ulah marebutkeun hiji hal nu can puguh, nalika boga kahayang kudu sabar, ulah ngagugu napsu. Amanat anu nyangkaruk dina dongéng “Sasakala Pasir Jurig” nya éta ulah boga rasa dendam ka batur. Amanat anu nyangkaruk dina dongéng “Oray Sanca teu Peurahan” nya éta ulah nandasa ka nu lemah, ulah adigung nalika boga kaleuwihan. Amanat anu nyangkaruk dina dongéng “Jalma Sabar”nya éta kudu sukur kana sakabéh ni’mat ti Allah. Amanat anu nyangkaruk dina dongéng “Sasakala Lembur Sireyod”nya éta nalika aya pasualan atawa aya pamadegan nu béda, kudu diréngsékeun ku cara musyawarah jeung mufakat. Amanat anu nyangkaruk dina dongéng “Sasakala Puncak Manik”nya éta kudu rukun jeung dulur. Amanat anu nyangkaruk dina dongéng “SirahCipelang” nya éta ulah boga niatan goréng ka batur, komo nepika nyilakakeun. Amanat anu nyangkaruk dina “Si Sawéri” dongéng nya éta sagala kaputusan pasti aya balukarna, kudu sing asak jeujeuhan. Amanat anu nyangkaruk dina dongéng “Lembur Pipasantréneun” nya éta ulah sieun dina milampah kahadéan. Amanat anu nyangkaruk dina dongéng “Sasakala Ungkal” nya éta ulah sirik ku pangabisa batur.

Dumasar hasil panalungtikan, téks dongéng-dongéng dikumpulkeun ku panalungtik di Kecamatan Conggeang Kabupatén Sumedang teu sakabéhna bisa dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP. Tina dongéng nu geus kakumpul aya 13 dongéng nu bisa dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP nya éta “Sasakala Gunung Tampomas”, “Sasakala Désa Narimbang”, “Kéncéh Konéng jeung

Nurlaela Damayanti, 2018

**DONGÉNG-DONGÉNG DI KECAMATAN CONGGEANG
KABUPATÉN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA
DI SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Gulakan Tutul”, “Asal-usul Sato Soang, Éntog, Meri”, “Si Anggai-anggai”, “Sasakala Oray Sanca teu Peurahan”, “Jalma Sabar”, “Sasakala Lembur Siréyod”, “Sasakala Puncak Manik”, “Lembur Pipasantréneun”, “Sasakala Babakan Asem”, “Sasakala Ungkal”, “Sasakala Ciaseum”. Ku kituna, guru bisa milih jeung milah dumasar kana kabutuhan pangajaran.

5.2 Rékoméndasi

Sawatara rékoméndasi nu ditujukeun pikeun pihak-pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan nya éta: 1) panalungtik satuluyna 2) guru 3) masarakat. Pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep tina panalangtikan ieu bisa dijadikeun sumber, atawa ngawewegan panalungtikan nu baris dijieun. Pikeun guru, hususna guru SMP, dipiharep ieu dongéng nu luyu bisa dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP. Pikeun masarakat ogé bisa nambahan élmu pangaweruh dina widang sastra hususna dongéng.